



Viris Epatit A (HAV) se yon kalite enfeksyon epatit yo ka prevni avèk vaksen.

Depatman Lasante Eta Florid (Florida Department of Health) • FloridaHealth.gov

HAV atrapan epi li ka donmaje fwa w.

Anjeneral HAV transmèt de yon moun a yon lòt moun nan objè, manje oswa bwason ki kontamine ak ti kantite pou pou yon moun ki gen HAV.



Sentòm yo

Ou ka gen HAV pandan jiska 2 semèn san w pa santi w malad, men pandan peryòd sa, ou ka ap transmèt HAV bay lòt moun.

Anjeneral sentòm yo kòmanse 2 a 6 semèn apre enfeksyon an epi yo dire mwenske 2 mwa. Sèten moun ka malad pou jiska 6 mwa.

SENTÒM KOURAN YO:

- Doulè nan vant.
- Kèplen ak vomisman.
- Po oswa je jòn (lajonis).

LÒT SENTÒM YO:

- Dyare.
- Pèt apeti.
- Doulè nan jwenti.
- Pou pou pal oswa ki gen koulè ajil.
- Lafyè.
- Fatige.
- Pipi koulè fonse.



Ou panse ou arisk? Al wè founisè swen sante ou.

Ou arisk si ou:

- Nan kontak deprè, ap okipe oswa ap viv avèk yon moun ki gen HAV.
- Te vizite dènyèman yon peyi kote gen anpil HAV—oswa ou te nan kontak deprè avèk yon moun ki genyen l.
- Nan fè sèks avèk yon moun ki gen HAV.
- Se yon gason ki fè sèks avèk lòt gason.
- Sanzabri oswa nan lojman tanporè.
- Te nan prizon dènyèman.

Founisè swen sante ou:

- Pral pale avèk ou sou risk ak sentòm ou yo.
- Ka pran yon echantiyon san pou teste si ou gen HAV.

Si w gen HAV, ou pral oblije:

- Pran anpil repo.
- Manje nouriti ki bon pou sante.
- Bwè anpil likid.
- Respekte tout randevou medikal avèk founisè swen sante w.

Rete lakay ou, pa ale nan travay si w gen HAV.


Si w gen kèk sentòm, epi ou gen yon zanmi pwòch, fanmi oswa konpayèl chanm ki te gen dyagnostik HAV nan 30 jou ki sot pase yo, al konsilte kay yon founisè swen sante touswit.

ENFÒME PATWON W, SI:

- W al konsilte kay yon founisè swen sante paske ou gen sentòm HAV.
- Ou t al konsilte kay yon founisè swen sante epi ou gen HAV.

Evite transmèt HAV.

Pale avèk founisè swen sante w konsènan pran vaksen.



Yon fason anplis pou ede evite transmèt HAV se pou w lave men w avèk savon ak dlo tyèd pandan 20 segonn omwen:

ANVAN OU

- Prepare manje.
- Travay avèk manje ki pa deja anbale.

APRE OU

- Touche moun oswa sifas piblik.
- Sot nan twalèt.
- Chanje yon daypè.
- Touse, etènye oswa itilize yon mouchwa oswa klinèks.
- Itilize tabak, manje oswa bwè.



DEZENFEKTAN
POU MEN
ABAZ ALKÒL
PA TOUYE
JÈM HAV!



PA PATAJE:

Sèvyèt, bwòs dan oswa istansil pou manje.

PA MANYEN:

Manje, bwason, medikaman oswa sigarèt ke yon moun ki gen HAV te manyen.

Vaksen HAV a san danje epi li efikas.

- Si ou arisk, ou dwe pran vaksen an.
- Yo bay vaksen an ak 2 piki, nan entèval 6 mwa. Ou bezwen toude piki yo pou vaksen an aji pou anpil tan.
- Kontakte depatman sante lokal ou si ou pa gen asirans sante pou lemoman epi ou bezwen èd pou w pran yon vaksen.

Ou gen kesyon? Ou vle jwenn plis enfòmasyon?

Kontakte Florida Department of Health: 1-844-CALL-DOH (844-225-5364), HepA@flhealth.gov

Jwenn plis enfòmasyon: FloridaHealth.gov/HepA, CDC.gov/Hepatitis, Immunize.org/Hepatitis-A

